



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
May 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****
PREPARE YON PLAN POU FANMI AN NAN YON KA DE DEZAS AK IJANS

TALLAHASSEE –Nan yon ka dijans akòz de yon siklòn, Depatman Lasante Laflorid la (the Florida Department of Health) (DOH) rekòmande ke tout fanmi etabli yon plan pou dezans oubyen ijans.

EVALYE

- Chache konnen tout kote ki danjere nan kominote w la, tankou ki kote ke inondasyon yo ye, ak ki kote yo ka rive plis, ki kote Plant elektrisite ak izin pwodwi chimik ki danjere yo ye.
- Diskite kijan trèt natirèl oubyen ki fèt akòz neglijan moun ka afekte fami'w avèk ou.
- Evalye propriyete ou pra'l Kite dèyè kont endomajman oubyen pèdi akòz de move tan, inondasyon oubyen dife sovaj.
- Tcheke ki sa asirans ou yo kouvri.

PREPARE

- Idantifye ki kote nan kay ou ki pli senesòf pou kache si genyen yon trèt. Nan anpil ka, kote ki pli senesòf la kap pa lakay ou men nan yon lok kote nan kominote an. Diran yon tan evakyasyon, ou pra'l resevwa tout enstriksyon pou rout evakyasyon yo.
- Espesifye rout pou echape de lakay ou ak lot kote pou tout moun rankontre (pwen rasanbleman yo), tankou kay vwazen, lekòl oubyen lokasyon piblik.
- Fè plan pou evakye si li nesèsè.
- Fikse yon kote pou tout moun ka kontakte zanmi fanmi pou ke tout moun nan fanmi an ka genyen menm egzakt kote pou yo rantrè an kontak. Asite ke ou genyen omwens de fason pou kominike (e.g. lèt elektwonik, telephone, telefòn pòtatif).
- Fè aranjman pou bèt domestik ou yo nan menm tan ou ap fè plan pou dezans pou tout kay ou. Anpil nan shèltè yo aksepte bèt domestik.
- Konnen kote papye enpòtan ou yo ye tankou, papye preskripsyon ou, kontra asirans ou, elatriye.
- Mete nimewo telefòn pou ijans bò kote tout telefòn nan kay la. E asire ke piti ou yo konnen kijan ak kilè pou yo rele 911. Asire w ke ou chaje telefòn pòtatif ou yo konplètman.
- Pandan siklòn Rasanble e mete yon bwat twous pou ijans. Ou ka achte yon ti radyo avek pil ki genyen yon alam espesyal se yon bagay ki trè vital. Diran yon ka dijans Sèvis Nasyonal Meteyo, ap enterom tout pwogram avek yon son, pou bay avètisman, siveyans, anons ak lòt enfòmasyon sou sityasyon danje nan zòn yo.

SIVEYE AK AJI

- Rete koute radyo pou ENSTRIKSYON pou w konnen sa pou w fè, ki kote pou w ale, oubyen kote pou w evite.
- Evakye oubyen chèche swen medikal vit si otorite yo bay estriksyon pou fèsa. Isi ou pa kapab jwen enfòmasyon, detèmine le mye ke ou kapab si nan yon zòn genyen danje.
- Kèlkeswa si ou rete oubyen evakye, pa panike. Swiv plan fanmi an.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Depatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfòmasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans (850)-921-0384

###